



# Lakune Rintik, si grimis




Neng dhuwur langit, ngumpul kulawarga mega kang grapyak lan prasaja. Dheweke kabeh urip rukun lan sesandhingan siji lawan liane. Katon Rintik, si gerimis paling cilik lagi dolanan ing tengahé mas lan mbak udan liane.





Mas, Mbak, aku uga pengen  
kados panjenengan,  
saged lelungan ing bumi  
lan seneng-seneng.

Nduk, nalika mudhun menyang  
bumi kuwi, kowe ora mung  
dolanen thok. Nanging menehi  
kagunan lan pitulungan  
marang kabeh kang ana  
neng kana. Lan kowe isih  
kurang gedhe kanggo lelungan  
menyang endi-endi.




Lajeng benjing  
punapa kula saged  
mandhap dhateng bumi?  
Kula sampun boten sareh.


Inggih bapak.

Mengko bapak bakal ngandhani kowe, yen kowe wis siap.  
Saiki dolanan kana dhisik karo  
kanca-kanca lan mbak mas udan liane.

Rintik ngrungoake piwelinge bapak Awan. Dheweke ubet dolanan sinambi nunggu wayahe mudhun menyang bumi.



Ora sawetara suwe,  
Bapak Awan nyawang yen Rintik wis tambah gedhe lan wujude wis sampurna yen menawa mudhun menyang bumi.






Rintik wis siap karo mbak mas lan kanca-kanca udan liane. Dina iki yaiku wektune Rintik jajah ing bumi.






(Dheweke kabeh mudhun liwat sela-selaning mega,  
udan mudhun menyang bumi)




Satekane ing bumi, Rintik ketemu karo godhong sawo kecik.







Sawise ngewangi tetuwuhan, Rintik nerusake lakune. Dheweke lan kanca-kancane uyak-uyakan lan mili bebarengan karo tetes banyu liane menyang kali. Ing kali, dheweke ketemu Kiko, si kodok.




Rintik lan kanca-kancane ngudani sawahe wong tani lan ngrewangi tanduran pari nduwensi daya kanggo urip.




Sawise jajah desa milang kori, Rintik lan kanca-kancane ngrasa kesel. Dheweke kabeh nglumpuk ana ing sawijining kali kang mili menyang sungapan cedhak segara. Rintik lan kanca-kancane kabeh ngaso ana ing sungapan kuwi sinambi nunggu srengenge kang marakke krasa anget.



Nalika srengenge sumorot ngenani dheweke, awake Rintik lan kanca-kancane krasa saya entheng.  
Alon-alon, rintik lan Kanca-kancane mumbul bali menyang langit.





Kanca-kanca,  
matur nuwun yaaaa  
dolan-dolane dina iki.  
Nyenengake banget.  
Ketemu maneh ing wayah  
udan sesok yaaa.....

Ngana iku katrangan lakune udan.

Lakune udan iku kaya ta lakone banyu kang mubeng. Lakune udan kaya ta mangkene:

1. Evaporasi: Srengenge manaske banyu ing bumi (kali, tlaga, segara).

Banyu malih dadi uwab banjur munggah mendhuwur.

2. Kondensasi: Uwab banyu ning ndhuwur malih dadi anyep, banjur malih dadi tetes-tetes banyu cilik-cilik lan nglumpuk dadi mega.

